Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.



# Гумбет
Гумбет районалъул газета

№ 32 (6918) 26 август 2024 с. Итни Сафар 1446 с. Багьа - эркенаб

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

## ЦIияблак – Гумбет – бергьенлъиялъул нух

### Дагъистан хъачагъаздаса эркен гьабуралдаса 25 сон иналда хурхун автопробег гIуцIана

**Халкъазда гьоркьосел хъачагъаздаса Дагъистан эркен гьабуралдаса 25 сон иналъул хIурматалда тIобитIараб «Бергьенлъиялъул нухасан – ЦIияблак – Гумбет» абураб автопробегалъул гIахьалчагIазулгун дандчIай гьабуна Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас, гьесул заместитель МухтарахIмад АхIмадовас, администрациялъул хIалтIухъабаз, гIолилазул ва цогидал идарабазул вакилзабаз.**









Районалъул тIалъиялъ, Бакълъул районалда бугеб «Рагъул инвалидал» ДРОО-ялъул нухмалъулев, афгъанияв, ГIумарасхIаб Булатхановас, Дагъистаналда бугеб «ВоИн» ОООВИялъул нухмалъулев ГIиса ГIисаевас, «Россиялъул ветеранал» жамгIияб идараялъул нухмалъулев Идрис МухIамадовас, ополченцазе кумекалъе рахъаразда гьоркьор рукIарал Килалъ росулъа Аминат ХIажиевалъ, ХIусмулхатимат МухIамадовалъ, Написат Камалудиновалъ ва цогидаз КIудияб ВатIанияб рагъул ветераназул хIурматалда бараб памятникалда цебе тIугьдузул горал лъуна.

Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас баркала загьир гьабуна автопробегалъул гIахьалчагIазе ва гьеб гIуцIизе кумек гьабуразе. «Нилъер ракьалде гьужум гьабуразда данде бахIарчиго рагъана нилъ кидаго. 1999-абилеб соналъги гIагараб ракь цIунизе бугеб гьира бихьизабуна. ГьужумчагIазда данде бихьинал гурел руччабиги рахъана. Цогидазда цадахъ бакълъулалги бихьинчиго рагъана халкъазда гьоркьосел террористазда данде», - ян абуна Гъалип Гъалиповас.

Ополченцазе квен босун иналъул ва цогидаб гьабураб кумекалъул бицана Килалъа Аминат ХIажиевалъ. ДРялда бугеб «ВоИн» жамгIияб идараялъул нухмалъулев Игьалиса ГIиса ГIисаевас муниципалиteталъул бетIер Гъалип Гъалиповасе цадахъаб хIалтIухъ, бахIарзал кIоченчIого рукIине гьабулеб хIалтIухъ грамота кьуна. Шапакъатал гьединго кьуна рагъухъаби-интернационалистазе ва цогидазе.

Бакълъул ракьалда бугеб «Рагъул инвалидал» жамгIияб идараялъул нухмалъулев, ополчениялъул къокъаялъул гIахьалчи, ДРялъул гIолилазул мустахIикъав насихIатчи, афгъанияв, МелъелтIаса ГIумарасхIаб Булатхановас баркала загьир гьабуна районалъул тIалъиялъе ватIаналдехун лъикIаб бербалагьи бижизабизе гьарулел тадбиразухъ, гIолилал квешал къуватаздаса цIунизе бахъулеб хIаракаталъухъ.

Тадбиралда гIахьаллъараз гIагараб ракь цIунулаго абадияб рокъоре аразул рухIазе цадахъаб дугIаги гьабуна.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

НОМЕРАЛДА РУГО:



**РакIалдещвеялъул ах чIеялъул халгьабуна Гъалип Гъалиповас** - 2 гьум.





**Улкаялъул байрахъалъул къимат гьаби – цолъи букIин, ВатIан бокьи** - 2 гьум.



**Игьалиса Шамил ИсмагIилов ва МелъелтIаса МухIамадхан МухIамадгIалиев – Дагъистаналъул халкъиял бахIарзал** - 2 гьум.



**«Спорталъул ракь»** - 2 гьум.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

# Улкаялъул байрахъалъул къимат гьаби – цолъи букIин, ВатIан бокьи

### Россиялъул Пачалихъияб байрахъалъул къо кIодо гьабуна

**2024-абилеб соналъул 22-абилеб августалда Бакълъул районалъул МелъелтIа росдал гьоркьохъеб школалда муниципалитеталъул маданиталъул ва библиотекаялъулаб хъулухъ гьабиялъул управлениялъул жигаралдалъун Россиялъул Пачалихъияб байрахъалъул къоялда хурхун тадбир тIобитIана.**



Улкаялъул аслияб гIаламаталъул къоялъул хIурматалда тIобитIараб рохалилаб тадбиралъулъ гIахьаллъи гьабуна мугIалимзабаз, цIалдохъабаз, маданияталъул, лъайкьеялъул вакилзабаз, «Бакъ» ясли-ахалъул тарбиячагIаз ва цогидаз.

ГьитIинал бакълъулаз рохалилаб ахIвал-хIалалда Россиялъул байрахъ борхана, улкаялъул гимн ахIана. Маданияталъул хIалтIухъабаз ракьцоязе Россиялъул байрахъалда релъун гьарурал чIалал рикьана, байрахъалда тIасан баянал гьаруна.



Гумбет районалъул маданияталъул управлениялъул нухмалъулев Муса КъурамухIамадовасул рагIабазда рекъон, улкаялъул байрахъалъул хIурмат гьаби – цолъи букIиналъул ва ВатIан бокьиялъул гIаламат.

Россиялъул Пачалихъияб байрахъалъул къо кIодо гьабуна муниципалитеталъул цогидал росабалъги. ЧIиркъатIа росдал «Нур» ясли-ахалъул вакилзаб, РФялъул байрахъалъул кьераздa релъарал шаралги росун, къватIире рахъана, ЛъаратIа росдал КДЦялъ «Россиялъул триколор – нилъер чIухIи» абураб акция тIобитIана.

Килалъ росдал библиотекаялъул нухмалъей Гьумайзат Запировалъ байрамалда тIасан гара-чIвари гьабуна. Россиялъул байрахъалги кодор ккун, лъимал къватIахъе рахъана, автопробегги гIуцIана килдерица.

МелъелтIа росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул директор ГIазра РурухIмаевалъ лъималазулгун дандчIвай гьабуна ва Россиялъул байрахъалъул хIакъалъул бицана.

Спецоперациялъул гIахьалчи, Бихьинчилъиялъул орденалъе мустахIикълъарав ЦIунди-Щабдухъа Къурбан Мурадовасул эбел Чакар Гьазилаевалъ Первомайск росулъ пачалихъияб байрамалда хурхун тадбир тIобитIана. Гьей ккола росдал КДЦялъул нухмалъулей.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

# РакIалдещвеялъул ах чIеялъул халгьабуна Гъалип Гъалиповас

### БахIарзазул цIарал кIочон теларо

**Бакълъулазул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас араб анкьалъ хасаб рагъулаб операциялдаса тIадруссинчIезул хIурматалда балеб ракIалдещвеялъул ахалъул проект нухдаинабиялъул халгьабуна.**



Муниципалитеталъул нухмалъулесда цадахъ рукIана гьесул заместитель МухтарахIмад АхIмадов, бакIал раялъул, архитектураялъул ва ЖКХялъул отделалъул нухмалъулев МухIамад АхIмаднабиев ва цогидал.

РакIалдещвеялъул ах чIана Первомайск росдал школалъул мухъалдаги. Гьел гьутIбузда пихъ бан буго. Школалъе цIарги кьун буго СВОялдаса тIадвуссинчIев ЦIунди-Щабдухъа бахIарчи Къурбан Мурадовасул.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

БАКЪЛЪУЛАЛ ВА СПОРТ

# «Спорталъул ракь»

### ТIолгороссиялъулаб марафоналда кIиабилеб бакI ккуна

**Дагъистаналъул тахшагьаралда «Труд» стадионалда тIобитIараб тIолгороссиялъулаб «Спорталъул ракь» абураб марафоналда гIахьаллъи гьабуна бакълъулазул вакилзабаз. Тадбир тIобитIун букIана ДРялъул Минсельхозпродалъ.**




Бакълъул районалъул делегациялда гьорлъ рукIана муниципалитеталъул росдал магIишаталъул управлениялъул нухмалъулев МухIамад ГIабдулхIалимов, районалъул спорталъул, туризмалъул ва гIолилазул ишазул комитеталъул нухмалъулев Салман Сурхаев, гьесул заместитель ГIалиасхIаб МухIамадов ва цогидал.

Къецазул хIасилалда «Спорталъул ракь» марафоналда Гумбет районалъ ккуна къуват хIалтIизабиялъул дисциплинабазул рахъалъ кIиабилеб бакI. Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас муниципалитеталъул вакилзабазда призовияб бакI щвей баркана ва нахъеккунги сундулъго икъбал ва цебетIей гьарана.



**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ БАХIАРЗАЛ

# Игьалиса Шамил ИсмагIилов ва МелъелтIаса МухIамадхан МухIамадгIалиев – Дагъистаналъул халкъиял бахIарзал

### Бергьенлъигун тIадруссаги

**Спецоперациялъул рагъухъан, «БахIарчилъиялъухъ» медалалъе мустахIикълъарав Игьали росулъа лейтенант Шамил ИсмагIиловасе къуна «Родной Дагестан» жамгIияб идараялъул меседил цIва ва «Дагъистаналъул халкъияв бахIарчи» абураб цIар щвана. Шапакъат гьесие къуна районалъул администрациялда муниципалитеталъул бетIерасул заместитель ГIалихан ДавудхIажиевас.**




Цебе рехсараб идараялъул цIаралдасан меседил цIва ва «Дагъистаналъул халкъияв бахIарчи» абураб цIар щвана СВОялъул гIахьалчи, МелъелтIа росулъа гьитIинав сержант МухIамадхан МухIамадгIалиевасеги. Россиялъул Президент Владимир Путиница церелъурал рагъулал масъалаби МухIамадханица тIуралел руго спецоперация байбихьаралдаса.

Неонацистазда данде къеркьеялъулъ бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ МухIамадгIалиевасе щвана Суворовасул медаль, мустахIикълъана «Хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчи» абураб Минобороналъул медалалъе. Гьесул эмен МухIамадгIали МухIамадгIалиевасухъе ва эбел Салимат Насрулаевалъухъе МухIамадханица хъулухъ гьабулеб рагъулаб часталъул нухмалъулесул рахъалдасан бихьинчияв вас гIезавуралъухъ баркалаялъул кагъатги бачIана.



Муниципалитеталъул бетIер Гъалип Гъалиповас МухIамадханидаги баркана шапакъатал щвей, гьарана гьесие щулияб сахлъигун халатаб гIумру ва бергьенлъигун тIадвуссин.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН…

# Хъизаналъул сон

Бищунго аслияб жо, гьеб ккола нилъер хъизан,
Бищунго гIагараб жо, гьеб ккола нилъер хъизан,
Сундасаго цIунулеб, щивасе къваригIунеб,
Адаб-хIурматалъул рукъ, гьеб ккола нилъер хъизан.




Къварилъиялъ къвал байдал, цоцай рагIи батулеб,
Унта-щокълъи рещтIани, аскIор сардал рогьунеб,
Свакан рокъоре щведал, самовар хIадурулеб,
Гьединал тIалабазул гьелеха нилъер хъизан.

Хъизан-рукъ гьечIев гIадан, гьев пакъирав чи ккола,
Хъизан гIуцIцIарав гIадан, тIалабияв чи ккола.
Эбел-инсул хинлъиялъ лъималазда рухI лъола,
Эбелалъ бежараб чед гьоцIогIадаб букIуна.

Инсул квер ккун къотIносан, къватIивехун унев вас,
Унго гьелда рельараб бугодай щибго талихI,
Рукъалде уней ясалъ, эбелалдаги къочун,
Къо лъикIилан абулеб, гьеле берцинаб сурат.

Сундулъго баракатги берцин рукIа-рахъинги
Гьабулеб насихIатги букIуна хъизаналъулъ,
Гьоболасе гьабулеб, гьудуласде бикьулеб,
ТIабигIат цIунизеги малъула хъизанцояз.

КIочене бегьуларо эбел-инсул рукIарал,
Гьезул кверзул пишаби, рекъулел гьезул хурзал,
КIочене бегьуларо гьез мерхьарал лъол къватIал,
КъулгIадухъан баччараб, гьекъезе цIорораб лъим.

Жакъа бигьалъи буго, кинабго рокъоб буго,
Нилъго кIвахIаллъун руго, унтаби гIемер руго.
Щибниги жо лъаларел лъимал руго гIун щолел,
Гьебищха наслуялъе нилъее бокьун бугеб?

ЦIунизе ккола сахлъи, цIунизе ккола хъизан,
Щивас хIаракат бахъун гьабизе ккола тIалаб,
Гьеб ккола Аллагьасги нилъеда тIад лъураб жо,
Гьеб нилъер намусалъги цадахъ чIезабулеб жо.

Исана гьаб нилъер сон хъизан кIодо гьабулеб,
Гьабизин нилъецаги гьелъул кIудияб адаб,
Хъизан камурав гьечIо гьеб лъаларевги гьечIо,
Гьелъул къимат гьабизе къуват кьеги нилъее!

**Нуцалай Килалъа**

АНТИТЕРРОР

# Заседание АТК прошло в Гумбетовском районе

**В администрации МР «Гумбетовский район» прошло заседание антитеррористической комиссии.**

Открыл и вёл мероприятие замглавы района Алихан Давудгаджиев. В заседании приняли участие члены АТК, начальник управления культуры и библиотечного обслуживания района Муса Курамагомедов, начальник финансового управления Гумбета Рурухма Халидов, руководитель комитета по спорту, туризму и делам молодёжи Салман Сурхаев, начальник штаба ОМВД РФ по Гумбету майор внутренней службы Магомед Гусейнов, представители управления образования, ЦЗН, ЦРБ и др. На повестке дня были вопросы: «О состоянии антитеррористической защищенности и мерах по обеспечению безопасности в период подготовки и проведения Дня знаний в образовательных учреждениях Гумбетовского района»; «О ходе выполнения Комплексного плана противодействия идеологии терроризма в РФ на 2024-2028 годы на территории Гумбетовского района за истёкший период 2024 года»; «О принимаемых мерах по повышению уровня антитеррористической защищенности объектов религиозных организаций, расположенных на территории



Гумбетовского района в рамках выполнения требований Постановления Правительства РФ № 1165 от 05.09.2019 года»; «О ходе исполнения решений АТК РД и АТК Гумбетовского района».

Выступивший по первому вопросу специалист управления образования Абдула Магомедов отметил, что территории всех 27 образовательных учреждений муниципалитета (19 школ и 8 детсадов) по периметру ограждены стеной из бутового камня, металлической сеткой, металлическими профилями. «В ночное время территории школ и детских садов освещаются электрическими лампочками и прожекторами. Во всех образовательных учреждениях установлены камеры видеонаблюдения, также имеются кнопки тревожной сигнализации», – рассказал Магомедов.

По словам начальника управления культуры и библиотечного обслуживания Мусы Курамагомедова, к 1 августу 2024 года в учреждениях культуры проведены 37 мероприятий с общим охватом свыше 700 человек. О ходе прохождения проверок в образовательных учреждениях рассказал представитель полиции Магомед Гусейнов. По всем поднятым вопросам единогласным решением приняты соответствующие решения.

**РИО «Гумбет»**

В ЗДОРОВОМ ТЕЛЕ - ЗДОРОВЫЙ ДУХ

# Порядок информационного сопровождения застрахованных лиц на всех этапах оказания им медицинской помощи

**Страховая медицинская организация осуществляет информационное сопровождение застрахованных лиц на всех этапах оказания им медицинской помощи и обеспечивает информирование застрахованных лиц и их законных представителей, о:**

1) медицинских организациях, осуществляющих деятельность в сфере обязательного медицинского страхования на территории субъекта Российской Федерации, режиме их работы;

2) праве выбора (замены) и порядке выбора (замены) страховой медицинской организации, медицинской организации и врача;

3) порядке получения полиса;

4) видах, качестве и об условиях предоставления медицинской помощи в рамках базовой и территориальной программ;

5) прохождении, в том числе в вечерние часы и в субботу, профилактических медицинских осмотров, диспансеризации, в том числе для выявления болезней системы кровообращения и онкологических заболеваний, формирующих основные причины смерти населения, а также о возможности дистанционной записи на медицинские исследования;

6) прохождении диспансерного наблюдения застрахованными лицами, включенными в группы диспансерного наблюдения при наличии оснований




согласно порядкам и срокам проведения диспансерного наблюдения, установленными уполномоченным федеральным органом исполнительной власти в сфере охраны здоровья, в том числе онкологическими больными;

7) перечне оказанных медицинских услуг и их стоимости (на основании принятых от медицинских организаций реестров счетов за оказанную медицинскую помощь);

8) выявленных нарушениях по результатам проведенного контроля объемов, сроков, качества и условий предоставления медицинской помощи застрахованным лицам (по обращениям застрахованных лиц).

Застрахованное лицо имеет возможность получить доступ к сведениям об обращениях за получением медицинской помощи в личном кабинете Единого портала государственных и муниципальных услуг (функций).

При выдаче направления на госпитализацию в плановом порядке лечащий врач обязан информировать застрахованное лицо или его законного представителя о медицинских организациях, участвующих в реализации территориальной программы, в которых возможно оказание специализированной медицинской помощи с учетом сроков ожидания указанного вида медицинской помощи, установленных территориальной программой. На основании указанной информации застрахованное лицо или его законный представитель осуществляет выбор медицинской организации для оказания ему специализированной медицинской помощи.

Страховая медицинская организация осуществляет досудебную защиту прав застрахованного лица.

**А. И. Шапиев,**
**главный специалист-эксперт (ЗПЗ)**
**Ботлихского филиала**
**ТФОМС РД**

СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН

## В Гумбете проводится оперативно-профилактическое мероприятие «Нелегальный мигрант»

**Уважаемые жители Гумбетовского района! В период с 20 по 29 августа 2024 г. на территории района проводится оперативно-профилактическое мероприятие под названием «Нелегальный мигрант».**




Целью мероприятия является профилактика, выявление и пресечение нарушений миграционного законодательства, пресечение незаконной миграции, а также предотвращение преступлений террористического и экстремистского характера со стороны иностранных граждан и лиц без гражданства.

В связи с изложенным, отдел МВД России по Гумбетовскому району убедительно просит жителей района обо всех известных им случаях использования в трудовой деятельности услуг иностранных работников, а также необоснованного (незаконного) нахождения на территории Гумбетовского района иностранных граждан, подозрительных лиц, сообщать по телефону: 8 (8722) 99-69-12 или 8 999 418-85-10 - сообщает ОМВД России по Гумбетовскому району.

**М. А. Адилгереев,**
**врио начальника ОМВД России по Гумбетовскому району**
**подполковник полиции**

РИТМ ГУМБЕТА

## Контрактники из Гумбета проходят учёбку вместе с добровольцами из Африки

**Добровольцы из Гумбетовского района, которые проходят учёбку на полигоне**



**в Ростовской области, подружились с выходцами из Африки, Индонезии, Кубы, Индии и других стран, которые также подписали контракты с Минобороны России.**

Жители разных стран мира приезжают в Россию, чтобы сражаться за нашу страну и лучшие ценности против неофашизма.

**РИО «Гумбет»**

СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН

## Сведения об адресе регистрации в паспортах

**Отдел МВД России по Гумбетовскому району информирует, что сведения об адресе регистрации в паспортах граждан будут указываться в соответствии с Государственным адресным реестром в структуре муниципального деления Федеральным законом от 28 декабря 2013 г. № 443-ФЗ «О федеральной информационной адресной системе и о внесении изменений в Федеральный закон «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации» предусмотрено использование сведений об адресах, содержащихся в Государственном адресном реестре, всеми государственными органами в структуре муниципального деления, в том числе при предоставлении государственных и муниципальных услуг.**




В этой связи обращаем внимание, что при предоставлении государственной услуги по регистрационному учету граждан Российской Федерации во внутрироссийских паспортах и свидетельствах о регистрации по месту пребывания (жительства - в отношении детей, не достигших 14-летнего возраста) будут указываться адреса в соответствии со сведениями, содержащимися в Государственном адресном реестре в структуре муниципального деления. Ознакомиться с написанием адреса возможно с помощью сервиса, размещенного в открытом едином федеральном общедоступном ресурсе на сайте fias.nalog.ru. Одновременно просим учитывать, что ранее проставленные в паспорта штампы о регистрации по месту жительства сохраняют свою актуальность и не требуют замены паспорта.

**М. А. Адилгереев,**
**врио начальника ОМВД России по Гумбетовскому району**
**подполковник полиции**

РИТМ ГУМБЕТА

## Обеспечение безопасности дорожного движения в преддверии Дня знаний рассмотрели в Гумбете

**В администрации Гумбетовского района состоялось заседание комиссии по безопасности дорожного движения.**



В мероприятии приняли участие заместитель главы администрации Алихан Давудгаджиев, начальник ОГИБДД ОМВД РФ по Гумбету Расул Аххубегов, специалист АТК муниципалитета Ухумали Загидов, инспектор ГИДН ОГИБДД ОМВД по Гумбетовскому району Ислам Лабазанов, главы поселений, представители управления образования муниципалитета и др.

Участники мероприятия рассмотрели вопросы состояния аварийности на автодорогах района и принятия мер по снижению аварийности, состояния улично-дорожной сети, прилегающей к образовательным учреждениям муниципалитета. Также подняли тему проведения УДС к требованиям законодательства РФ в связи с празднованием Дня знаний. По итогам заседания были приняты соответствующие решения.

**РИО «Гумбет»**

РИТМ ГУМБЕТА

## На полигоне в Ростовской области продолжается подготовка добровольцев из Гумбета

**Магомедзапир Байгишиев из села Килятль Гумбетовского района предоставил фотоснимок с учёбки, которую проходят контрактники перед отправкой в зону СВО.**

Добровольцы из Гумбета проходят боевое слаживание на полигоне в Ростовской области. Отметим, что десятки гумбетовцев удостоены высоких государственных наград за подвиги, совершённые в ходе спецоперации по денацификации и демилитаризации Украины.

**РИО «Гумбет»**

БетIерав редактор: ХIамзат МухIамадович Гизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь: Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал: Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе баҹIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьорк
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе биччазе гьулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.